

BAB II

ALIH KODE JEUNG CAMPUR KODE

2.1 Basa

Manusa teu bisa lesot tina basa pikeun nepikeun pesen atawa gagasan. Hal ieu pisan anu nyababkeun yén basa mangrupa ciri tina paripolah manusa sarta anu ngabédakeun manusa jeung mahluk séjénna.

Sudaryat (1991: 1) nétélakeun yén basa téh nya éta sistem lambang omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvénsional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Pie jeung Gaynor (1954: 119) nétélakun yén basa téh nya éta hiji sistem komunikasi ku sora ngaliwatan alat ucap katut pangdégé di antara anggota kelompok atawa masarakat nu tangtu kalawan maké lambang sora anu boga harti arbitrér tur konvénsional.

Wirakusumah jeung Djajawiguna (1969: 5) nétélakeun yén basa téh nya éta alat anu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa, diwangun ku réntétan sora anu geus ditangtukeun éntép seureuhna ku masarakat anu maké éta basa.

Tina pamadegan di luhur bisa dicindekkeun yén basa téh mangrupa hiji lambang omongan anu ngabogaan harti arbitrér tur konvénsional pikeun ngedalkeun eusi haté anu diwangun ku réntétan sora anu geus ditangtukeun éntép seureuhna ku nu make éta basa.

2.2 Alih Kode

2.2.1 Watesan Alih Kode

Alih kode mangrupa salah sahiji aspék gumantungna eta basa dina masarakat multilingual. Hartina dina masarakat multilingual aya kamungkinan nu make basa ngagunakeun sababaraha kode dina tindak tutur. Kajadian alih kode ieu gumantung kana kaayaan atawa kaperluan basa eta sorangan.

“Nababan (1991:6) ngebrehkeun yén alih kode terjadi kalau keadaan berbahasa itu menuntut penutur mengganti bahasa atau ragam bahasa yang sedang dipakai. Misalnya, sewaktu kita berbahasa A dengan P datang si Q yang tidak dapat berbahasa A memasuki berbahasa itu. Oleh karena ingin menerima Q dalam situasi berbahasa itu, maka kita beralih memakai bahasa B yang mudah dimengerti Q. contoh kejadian itulah yang disebut Nababan (1991:3) sebagai alih kode”..

Sarua jeung pamadegan Nababan, Appel (dina Suwito, 1996:80) méré watesan alih kode salaku gejala ulah-alihna (gunta-gantina) makéna basa ku lantaran robahna kaayaan. Suwito (1999:80) nyebutkeun alih kode téh hiji kajadian robahna tina kode anu hiji kana kode anu séjén. Sedengkeun A. Chaedar (1989:66) netelakeun yén alih kode nya éta robahna hiji dialék kana dialék séjénna. Ari Hymes (dina Suwito, 1996:81) netelakeun yén alih kode nya éta kajadian umum anu nyebutkeun robahna makéna dua basa atawa leuwih, tina sababaraha ragam.

Tina sababaraha pamadegan di luhur bisa dicindekkeun yén alih kode nya éta robahna kode anu kajadian ku lantaran ayana basa éta nangtukeun panyatur ngaganti kode anu dipakéna. Sarua jeung harti kode, alih kode bisa kajadian antarbasa, antarvariasi, antarregenerasi atawa antargaya.

Makéna dua basa atawa leuwih tina alih kode numutkeun Suwito (1996:80) dicirian ku: (a) masing-masing basa masih ngadukung pungsi-pungsi sacara misah salaku kontéks jeung (b) pungsi masing-masing basa disaruakeun jeung kajadian anu sarua jeung robahna kontéks. Ciri-ciri éta netelakeun yén dina alih kode, masing-masing basa masih ngadukung pungsina sacara eksklusif jeung alihna kode timbul balukar aya parobahan basa dina nyarita ku cara robah topik carita. Tanda-tanda sarupa kitu ku Kachru (dina suwito, 1996:80) disebut ciri-ciri bagian kontekstual.

2.2.2 Jenis-jenis Alih Kode

Suwito (1996:81) ngabédakeun alih kode jadi dua nya éta alih kode intén jeung alih kode ékstérn. Nu dimaksud alih kode nya éta kajadian antara basa-basa daérah dina hiji basa nasional, antara dialék-dialék dina hiji basa daérah, atawa antara sababaraha rupa jeung gaya anu aya dina hiji dialék, alih kode saperti kieu ngabogaan sifat internal. Sedengkeun mun anu kajadian antara basa asli jeung basa asing, disebutna alih kode ékstern.

Dina praktékna bisa waé dina hiji kajadian tutur nu tangtu kajadian alih kode intén jeung ékstérn sacara sistematis sok sanajan pungsi

kontékstual jeung kaayaan sarua diuji ku panyatur cocok keur ngalakukeunna.

Poedjosoedarmo ngabédakeun alih kode dumasar kana lumangsungna éta kajadian dina tindak tutur. Jeung dasar ieu Poedjosoedarmo (dina R Kunjana, 2001:21) ngabagi alih kode jadi dua rupa nya éta alih kode sementara (*temporary code switching*) jeung alih kode anu sipatna permanén (*permanent code Switching*).

Alih kode sementara nya éta gantina kode basa anu dipaké ku salah saurang panyatur anu ngan sakeudeung. Sedengkeun alih kode anu sipatna permanén nya éta robahna basa anu kajadian sacara permanén, sok sanajan hal ieu teu babari dilakukeunana.

2.3 Campur Kode

2.3.1 Watesan Campur Kode

Campur kode nya éta kajadian campurna basa kadua kana basa kahiji; campurna basa asing kana struktur basa indung. Sasaruaanana anu aya dina alih kode jeung campur kode téh nya éta ngagunakeun dua basa atawa leuwih, atawa dua variabel tina salah sahiji basa masarakat tutur. Sedengkeun dina campur kode aya salah sahiji kode utama atawa kode dasar anu digunakeun jeung ngabogaan pungsi kadaerahan, sedengkeun kode-kode nu séjénna nu aya dina jero kajadian, panyatur ngan mangrupa potongan kecap wungkul, tanpa fungsi atawa kadaerahan salaku kode.

Harimurti (2001:35) nerjemahkeun campur kode salaku: (1) interférénsi jeung (2) ngagunakeun hiji basa tina hiji basa kana basa anu lian keur kabebasan gaya basa atawa ragam basa.

Pamadegan Nababan (1993:32) campur kode nya éta salah sahiji kaayan basa séjén nya éta sok sanajan jalma nyampurkeun dua atawa leuwih basa atawa ragam basa dina salah sahiji basa éta anu nangtukeun campurna basa. Dina kaayaan wujud kitu kabebasan panyatur jeung salah sahiji anu diturutan tindak basa.

Pamadegan Thealander (dina Suwito, 1996:89) campur kode nya éta unsur basa anu ngalibatkeun kajadian campur kode atawa campuran antara variasi-variasi anu ngabédakeun dina hiji klausa anu sarua.

Numutkeun pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén campur kode nya éta ngagunakeun gaya basa atawa ragam basa salaku lantaran tina makena dua basa atawa leuwih. Ku lantaran kitu campur kode ngabogaan tanda-tanda sorangan nya éta ayana aspék teu boga pamadegan sorangan anu dicirian ku ayana pakuat kait antara lalakon jeung pungsi basa jeung unsur-unsur atawa variasi-variasi anu ngasupkeun kana basa teu ngabogaan deui fungsi sorangan ku sabab ngahijina jeung basa anu disusupkeun jeung sacara kabehna ngadukung hiji pungsi.

Salah saurang panyatur anu ngarti kana loba basa loba waktu keur campur kode dibandingkeun panyatur séjén anu narti kana hiji dua basa hungkul. Tapi teu kaharti yén panyatur anu ngarti kana leuwih loba basa sok leuwih loba campur kode, sabab naon nu rék ditepikeun ku panyatur jeung

pangregep nu nangtukeun pilihan basana. Atawa jeung kecap nu sejen, lamun manéhna rék milih campur kode, nu dipilihna dianggap sarua jeung anu rek ditepikeun ku panyatur.

Aya hal nu jadi pangdorong digunakeunna basa Sunda téh, salah sahijina patali jeung nu nyarita. Lamun nu nyarita saluhureun, dorongan nyarita ku Basa Sunda leuwih gedé batan ka sahandapeun. Bisa katangén, hiji anak nyarita ka kolotna ku basa Sunda, tapi ari jeung dulurna atawa babaturanna mah maké basa Sunda dicampur basa Indonésia.

Dina campur kode, aya anu disebut basa kosta atawa basa serepan (*borrowing language*). Ayana basa kosta tina basa anu hiji ka basa anu sejenna dumasar kana kamampuh saeutikna bilingual/dwibahasawan, bilingual sacara saurang-saurang atawa bilingual sacara kamasarakatan, dina kadua basa éta. Bentuk linguistik anu diinjeum cenderung aya tataran leksikal/terminologi.

Ari digunakeunna basa Sunda kapangaruhan ku latar, nya éta naha di imah, di pakumbuhan, atawa di kantor. Imah jadi latar tempat panglobana dipakéna Basa Sunda, ditéma ku latar pakumbuhan sapopoé, jeung pangsaeutikna nya éta di kantor. Jaba ti éta basa Sunda téh gedé pisan kapakéna dina kajadian nu aya patalina jeung adat kabiasaan, upama baé, dina ngalamar jeung seserahan. Dalah di lingkungan nu sapopoéna geus kurang make basa Sunda ogé, ari dina upacara-upacara kieu mah sok ngahaja ku basa Sunda.

Cindekna, basa Sunda dipaké ku balaréa, ti rupa-rupa golongan masarakat, boh di kota boh di pilemburan dina nyaritakeun rupa-rupa jejer dina kahirupanana. Hal sejen anu milu nangtukeun nya éta kamampuh panyatur dina maké basa Sunda jeung basa Indonésia.

Ciri-ciri séjén tina gejala campur kode nya éta yén unsur-unsur basa atawa variasi-variasi anu nyelap dina basa séjén téh henteu deui ngabogaan fungsi sorangan. Éta unsur téh geus ngahiji jeung basa anu diselapanan. Dina kaayaan anu gembleng campur kode téh mangrupa konvergénsi kabasaan anu asal unsur-unsurna tina sababaraha basa anu masing-masing geus ninggalkeun pungsina, sarta ngarojong pungsi basa anyar anu diselapanana.

2.3.2 Kasang Tukang Munculna Campur Kode

Kasang tukang munculna campur kode téh bisa dikelompokkeun jadi dua rupa, nya éta: (a) anu kasang tukangna nyoko kana sikep (*attitudinal type*) jeung (b) anu kasang tukangna kabasaan (*linguistic type*). Dua hal éta téh biasana patumpang tindih. Kalayan dasar kasang tukang sikep jeung kabasaan anu silih gumantung sarta patumpang tindih éta bisa dicindekkeun yén sababraha alesan atawa anu jadi sabab nimbulkeun gejala campur kode téh nya éta: (a) idéntifikasi peran, (b) idéntifikasi ragam, sarta (c) pikeun ngajelaskeun jeung napsirkeun (Suwito, 1983: 78).

Ukuran keur idéntifikasi peranan nya éta sosial, registral, jeung edukasional. Campur kode anu kajadian ditujukeun ku ngaidéntifikasi peranan panyatur, alus sacara sosial, registral, jeung edukasional. Campur kode

kajadian ku ayana hubungan pakuat kait jeung panyatur, wangun basa jeung fungsi basa. Hartina, panyatur anu ngabogaan kasang tukang bakal condong milih campur kode keur ngadukung pungsi-pungsina. Milihna wangun campur kode dimaksudkeun keur ngawujudkeun status sosial jeung identifikasi pribadina dina masarakat.

Aya dua hal anu paling penting nu jadi kasang tukang ngagunakeun campur kode, nya eta alesan akademik jeung alesan gingsi.

1. Alasan Akademik

Sawaktu-waktu, jalma-jalma ku ayana kasang tukang pendidikan tangtuna hayang ngawujudkeun kamampuh dina widangna. Ku lantaran kitu, manehna sok ngagunakeun istilah-istilah asing tina basa Inggris atawa basa asing sejénna. Campurna ieu mun teu dina basa lisan tangtuna dina basa tulisan. Perhatikeun (a) berikut.

(a)*Urang geus asup zaman postmodern anu hartina konsép-konsép anu salila ieu dipercaya dunia geus digoyang jeung dibéré makna anu anyar.

(a) Urang geus asup kana zaman *postmodern*- konsep-konsep anu geus diaku ku alam dunya dirobah jeung dima'naan anyar.

2. Alasan Géngsi

Sakumaha anu diungkapkeun di luhur, kamajuan arus globalisasi nyababkeun loba jalma paheula-heula sangkan bisa jeung ngarti ngagunakeun basa Inggris (lian ti basa Mandarin jeung basa Jepang). Ku

sabab kitu, ngarah teu dianggap katinggaleun zaman, loba jalma anu atoh ngagunakeun kecap-kecap tina basa Inggris. Perhatikeun conto ieu .

(b)*Kado ieu bener-bener jadi *surprise* kanggo abdi.

(b) Ieu kado bener-bener geus ngagetkeun kuring.

2.3.3 Jenis-jenis Campur Kode

Dumasar unsur-unsur kabasaan anu aya dina campur kode, ngabédakeun campur kode jadi dua golongan, nya éta campur kode ka jero (*inner code-mixing*) jeung campur kode ka luar (*outer code-mixing*). Campur kode ka jero nya éta campur kode jeung unsur-unsur anu sumberna tina basa aslina atawa saturunan. Campur kode ka luar nya éta campur kode anu unsur sumberna tina basa asing (Suwito, 1996:89).

Saterusna dumasar kana unsur-unsur kabasaan anu aya di jerona, campur kode téh dibedakeun jadi sababaraha rupa (Suwito, 1996:92), di antarana :

1. Seselan unsur-unsur anu ngawujud kecap

Kecap mangrupa unsur anu pangleutikna dina wangun kecap anu penting pisan peranna dina tata basa. Anu dimaksud kecap nya éta satuan basa anu tunggal, tina morfem tunggal atawa gabungan morfem.

Contona:

(a)*Mangka sering kali sok kecap-kecap seolah-olah basa daérah téh kurang penting”.

(“padahal sering kali ada kata-kata seolah-olah bahasa daerah itu kurang penting”)

(a) “Sok mindeng kadéngé ayana anggapan yén basa Sunda kurang penting”.

2. Seselan unsur-unsur anu ngawujud frasa

Frasa nya éta gabungan dua kecap atawa leuwih anu sifatna teu prédiktif. Gabungan ieu meunang gempungan jeung meunang renggang (Harimurti, 2001:59), sedengkeun Parer (1988: 32) ngartikeun frasa salaku konstruksi anu meunang dibentuk ku dua kecap atawa leuwih, alus dina wujud hiji pola dasar kecap atawa henteu.

Contona:

(b)* “Ku lantaran abdi tos kaduhung apik jeung anjeun nya tak tékenan”.

(Karena saya sudah terlanjur baik sama dia, ya saya tanda tangan”).

(b) “Ku margi tos caket pisan sareng anjeunna, nya ku abdi ditawis wé”.

3. Seselan unsur-unsur anu ngawujud bentuk baster

Baster mangrupa hasil campurna dua unsur basa anu béda wangun hiji ma'nana (Harimurti, 1993:92).

Contona:

(c)* “Loba klap malam anu kudu ditutup”

(c) “ Seueur pisan diskotek anu kedah ditutup”.

4. Seselan unsur-unsur anu ngawujud pengulangan kecap

Pengulangan kecap mangrupikeun kecap anu kajadian akibat tina reduplikasi.

Contona:

(d)*Sudah waktunya kita menghindari backing-backing dan klik-klikan”.

(d) “Geus waktuna urang nyingkahan KKN”.

5. Seselan unsur-unsur anu ngawujud ungkapan atawa idiom

Idiom mangrupa konstruksi tina unsur-unsur anu dipilih, sewang-sewangan anggota ngabogaan ma’na anu aya kulantaran sakabeh atawa jeung harti sejen. Idiom mangrupikeun konstruksi anu ma’na teu sarua jeung gabungan ma’na anggota-anggotana.

Contona:

(e)* “Pada waktu ini hendaknya kita hindari cara bekerja *alon-alon asal kelakon* (perlahan-lahan asal dapat berjalan)”.

(e)1 “Ayeuna urang kudu nyingkahan pagawean anu asal-asalan”.

(e)2 “Geus waktuna urang daria”.

6. Seselan unsur-unsur anu ngawujud klausa

Klausa nya éta salaku satuan gramatikal anu mangrupikeun kelompok kecap anu sakurang-kurangna kabagi tina subjek jeung predikat sarta ngabogaan potensi anu jadi kalimah.

Contona:

(f)* Mau apa lagi, *ik heb toch iets gedaan* (saya toh sudah berusaha)”.

(f) “Kari naon deui, da usaha mah enggeus”.

2.3.4 Sasaruuan jeung Bedana Alih Kode jeung Campur Kode

Sasaruaan alih kode jeung campur kode nya éta dua kajadian anu ilahar kajadian di masarakat multilingual dina ngagunakeun dua basa atawa leuwih. Ngan ngabogaan beda anu nyata, nya éta alih kode mah mangrupa kajadian unggal basa anu ngabogaan otonomi sewang-sewangan, dilakukeun ku kasadaran, dihaja, ku lantaran aya sabab-sabab nu tangtu. Sedengkeun campur kode nya éta salah sahiji kode utama atawa kode dasar anu digunakeun ngabogaan pungsi jeung otonom, sedengkeun kode anu sejen anu nglibatkeun dina ngagunakeun basa éta ngan ukur mangrupa basa dina kajadian panyatur nyisipkeun unsur basa Jawa, nepi kaciptana basa Indonesia kajawa-jawaan.

Campur kode beda jeung alih kode; campur kode nya éta nyokot élemen sacara angger tina basa séjén kana basa anu keur dipaké lantaran teu

aya élemen anu angger dina basa anu dipakéna. Dina basa séjén, élemen anu dicokot éta ngabogaan sistem anu béda. Motivasi nya éta motivasi linguistik jeung hasrat keur ngajelaskeun atawa interpretasi wungkul, teu didorong atawa teu dipangaruhan ku paktor kaayaan. Bentuk linguistik anu paling luhur, utamana di Indonesia, nya éta mangrupa leksikalisasi. Di Malaysia aya campur kode antara Basa Melayu jeung Basa Inggris anu disebutna campur basa (*language mixture*) (Abdullah, 1979: 17), di Indonesia campur kode antara Basa Indonesia jeung basa daérah anu disebutna bahasa gado-gado (Nababan, 1977).

Thelander ngabedakeun alih kode jeung campur kode jeung naon waé dina hiji kajadian panyatur kajadian alihna tina hiji klausa hiji basa ka klausa basa sejen disebutna salaku alih kode. Tapi ngan dina hiji kajadian panyatur klausa atawa frasa anu digunakeun tina klausa atawa frasa campuran (*hybrid clauses/hybrid phrases*) jeung sewang-sewangan klausa atawa frasa éta teu bisa ngadukung fungsi sorangan disebutna salaku campur kode.

Kontak anu inténsif antara dua basa atawa leuwih dina kaayaan anu bilingual/multilingual bakal nimbulkeun kajadian interférens (pangacowan). Inteférens nya éta robahna bentuk basa salaku akibat tina nerapna dua rupa sistem basa anu béda sacara rempeg tina diri saurang bilingual/multilingual.

2.3.5 Sababaraha Wujud Campur kode

Dumasar kana unsur-unsur kabasaanana, campur kode bisa dibedakeun jadi sababaraha rupa di antarana, nya éta campur kode anu diseselan ku unsur-unsur :

1. Kecap, contona maca
2. Frasa, contona campur aduk
3. Pangulangan kecap, contona kuda-kuda
4. Ungkara/ idiom, contona beurat birit
5. Klausa, contona abdi téh tos usaha sataker kebek

Saperti alih kode, campur kode bisa ditilik tina sababaraha sudut pandang sakumaha ieu di handap.

- a. Jenis: campur kode basa, campur kode ragam, campur kode tingkat tutur.
- b. Tataran: tataran fonologi, fonem, kecap atawa frasa.
- c. Sifat: campur kode saheulaaneun, campur kode permanen.
- d. Faktor nu nyababkeunnana: situasi formal, informal, kabiasaan, henteu manggih ungkara anu luyu dina basa nu dipake.